







# Manyèl Planifikasyon Inivèsite

## pou Elèv ki gen Andikap, Elèv ki gen IEP ak Plan 504

**Yon manyèl pou ede w:**

- Konprann dwa legal ou yo ki gen rapò ak edikasyon apre segondè
- Franchi etap enpòtan nan lekòl segondè pou prepare w pou inivèsite
- Aprann enfòmasyon enpòtan sou aplikasyon pou admisyon nan inivèsite ak èd finansye
- Familiarize w ak aranjman ak sèvis nan inivèsite pou sipòte siksè w
- Konnen fason pou w jwenn sipò ou bezwen nan inivèsite
- Jwenn resous pou ede w pandan eksperyans lan

NYC Public Schools Student Pathways

NYC Public Schools | Division of Inclusive & Accessible Learning

includenyc




# ELÈV LEKÒL SEGONDÈ !

Lè m t ap aplike pou inivèsite, li ta bon anpil pou m te gen yon manyèl konsa ki te esplike sa m te bezwen konnen antanke yon elèv ki gen yon andikap. Gen anpil bagay pou w konnen! Antanke etidyan inivèsite, mwen aprann nan ki pwen li enpòtan pou di sa w panse epi mande èd pou jwenn aranjman. Anplis, gen lòt resous ou ka jwenn aksè avè yo nan inivèsite a pou ede w devlope konpetans ou bezwen pou w reyisi nan inivèsite. Patisipe nan oryantasyon premye ane m nan te enpòtan pou mwen paske yo te anseye m sou karakteristik aksè sou aparèy mwen an ak kijan pou m jwenn sipò nan leson.

Li bon w ap aprann bagay sa yo kounye a. Bòn chans !

*J.*
*College of Mount St. Vincent*

Èske w ap panse ak inivèsite? Mwen kontan pou ou! Lè m te fèk kòmanse inivèsite, mwen te kontan e m te enkyè. Konprann èd finansye te ban m strès, men konnen ki opsyon èd finansye ki te disponib pou mwen te ede m anpil. Antanke yon etidyan ki gen yon andikap, li te enpòtan pou mwen konnen dwa m yo epi gen aksè a sipò ki te ede m reyisi. Depi w aplike pou inivèsite rive nan inivèsite, toujou gen anpil bagay pou w fè epi pou w suiv. Pwofite sipò yo, konprann dwa w yo, epi konnen ki lè pou w pataje ou gen yon andikap. Se sa l ye!

*P.*
*City College, CUNY*

# Entwodiksyon

Planifikasyon pou tranzisyon an nan lavi apre lekòl segondè kapab enteresan, epi pafwa entimidan. Men, ou dwe franchi yon etap alafwa—epi aprann sou resous ki disponib pou sipòte w.





Kit yon elèv gen yon andikap oswa l pa genyen, yo bezwen enfòmasyon sou kijan pou yo jwenn inivèsite ki pral adapte avè yo. Yo bezwen enfòmasyon tou sou fason pou aplike pou admisyon ak èd finansye, enskripsyon, ak fè siksè nan inivèsite. Gen kèk etap presi tou pou konsidere si w gen yon andikap. **Gid Resous sa a se pou ou menm, elèv lekòl segondè ki gen** IEP **oswa plan 504**. Sèvi avè l avèk fanmi w, konseye w yo, moun k ap jere dosye w yo, ak nenpòt lòt moun k ap sipòte w pandan w ap prepare w pou inivèsite.

## Nòt enpòtan pou itilizasyon manyèl sa a!

- Yon **andikap** kapab yon andikap fizik, devlopman, entelektyèl, mantal, emosyonèl oswa aprantisaj. Se pa tout andikap ki vizib. Gen kèk elèv ki gen andikap ki bezwen plis sipò ki gen rapò ak andikap la, gen kèk ki bezwen mwens. Anpil andikap pèmanan, gen kèk ki tanporè. Tout elèv ki gen andikap ta dwe aprann sou dwa ak responsablite legal yo ak asistans ki disponib pou yo.
- Nan Manyèl Resous sa a, mo **inivèsite** a itilize pou refere a nenpòt **enstitisyon edikasyon siperyè (Institution of Higher Education, IHE)**. Li ka gen ladan yon fakilte oswa yon inivèsite, epi li ka gen ladan pwogram ki mennen nan sètifika, diplòm asosye, oswa diplòm lisans.

# Sa k ladan l





## Konnen Dwa w . . . . . paj 2

- Lwa sou edikasyon pou Moun ki gen Andikap (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA)
- Lwa pou Ameriken ki gen Andikap (Americans with Disabilities Act, ADA)
- Diferans nan dwa legal nan lekòl segondè ak inivèsite




## Preparasyon pou Inivèsite Pandan Ou nan Lekòl Segondè. . . . paj 6

- Planifikasyon pou tranzisyon
- Desizyon pèsonèl
- Defann tèt ou
- Eksplorasyon karyè
- Konpetans pou lavi




## Aplike pou Inivèsite . . . . . paj 12

- Kalite opsyon inivèsite
- Evalye sa w vle ak sa w bezwen pou inivèsite
- Jwenn inivèsite ki koresponn ak sa w vle ak sa w bezwen: kreye lis ou
- Pwogram espesyal
- Aplikasyon pou inivèsite
- Konsiderasyon ki gen rapò ak andikap ou a




## Peye pou Inivèsite . . . . . paj 16

- Depans inivèsite
- Kalite èd finansye
- Aplike pou èd finansyè, tankou bous detid
- Faktè andikap ak èd finansyè
- Pran desizyon finansye sou ki inivèsite ou prale

5 Aranjman nan Inivèsite . . . . . paj 20

- IEP w la pa aplike nan inivèsite
- Aranjman inivèsite
- Konprann ki aranjman ou bezwen
- Mande aranjman
- Lwa sou dwa nan edikasyon ak vi prive fanmi(Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA)
- Liberasyon Medikal ak Manda Sante

6 Lòt Resous . . . . . paj 27

- Anyè pou jwenn biwo sèvis aksè nan SUNY ak CUNY
- Enfòmasyon sou dwa ak sèvis pou moun andikape
- Sipò pou planifikasyon tranzisyon, admisyon nan inivèsite, ak èd finansye



# 1 Se Pou W Konnen Dwa W

## IDE ENPÒTAN NAN CHAPIT SA A

- Lwa sou edikasyon pou moun ki gen andikap (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA)
- Lwa pou Ameriken ki gen andikap (Americans with Disabilities Act, ADA)
- Diferans nan dwa legal nan lekòl segondè ak inivèsite

Gen dwa legal ki gen rapò ak edikasyon w ou ta dwe konprann pou w ka benefisye tout antanke elèv. Men, gen gwo diferans ant lwa ki pwoteje w pandan lekòl segondè ak lwa ki aplike nan inivèsite.

### Dwa nan Lekòl Segondè

**Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA)**, a se yon lwa federal ki di timoun ak jèn ki andikape yo gen dwa a yon "edikasyon piblik gratis e apwopriye" jiskaske yon elèv gradye nan lekòl segondè jiska 21 an.* IDEA egzije lekòl piblik yo pou yo bay edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak sa pou sipòte siksè elèv yo. Sèvis sa yo, ki dekri nan yon pwogram edikasyon pèsonalize (IEP), depann de bezwen ou yo pou ede ou atenn objektif edikasyon w yo.

IEP a se yon dokiman legal:

- Ki inik pou ou.
- Yo mete ajou omwen yon fwa chak ane.
- Ki gen ladan l objektif ak bezwen sipò, ansanm ak fòs ou ak pwogrè w.
- Ki rekòmande pwogram, sèvis ak aranjman ki pral sipòte siksè w, tankou teknoloji asistans oswa plis tan pou pase tès yo.

Antanke yon elèv lekòl segondè, ou ta dwe patisipe nan reyinyon IEP w yo pou pale sou:

- Objektif ou yo pou lekòl segondè.
- Objektif ou yo pou apre lekòl segondè
- Sipò k ap mache pou ou
- Pwogrè w ak nenpòt difikilte

Nan dènye ane lekòl segondè ou a, ou pral patisipe nan kreye yon rezime pou lè w ap soti ki rezime fòs ou, reyalizasyon w, bezwen sipò w, ak rekòmandasyon pou pwochen etap yo.

## Dwa nan Inivèsite

Kou w kite lekòl segondè, IDEA pa aplike pou ou ankò. Men, gen lwa dwa sivil, **Lwa pou Ameriken ki gen Andikap The Americans with Disabilities Act (ADA)** ak Seksyon 504 nan Lwa Reyadaptasyon 1973 la, ki bay pwoteksyon kont diskriminasyon ki baze sou andikap. Nan inivèsite, sa vle di elèv yo gen dwa a *aranjman rezonab* pou asire yo ka patisipe konplètman nan tout aspè lavi inivèsite la.

Aranjman yo se aranjman ki fèt pou asire yo yon elèv ki andikape gen aksè egal a aktivite inivèsite yo. Sa vle di patisipasyon nan kou inivèsite, lojman nan inivèsite a (dòtwa), ansanm ak klèb ak òganizasyon elèv yo. ADA egzije pou inivèsite yo bay *aranjman rezonab* pou garanti aksè konplè a kou yo ak lòt aktivite inivèsite yo.

Ou oblije mande aranjman—yo pa fèt yon fason otomatik. **Antanke etidyan inivèsite, ou bezwen kòmanse pwosesis la poukont ou lè w di ou gen yon andikap epi mande aranjman.** Chapit 5 la gen plis enfòmasyon sou fason pou mande aranjman.



**Ou dwe mande aranjman—yo pa fèt yon fason otomatik.**

| DWA OU GENYEN YO: DIFERANS ENPÒTAN ANT LEKÒL SEGONDÈ AK INIVÈSITE | | |
|---|---|---|
| **Kategori yo** | **IDEA (PreK–12)** | **ADA (Inivèsite)** |
| **Dwa legal yo** | Edikasyon piblik gratis e apwopriye | Garanti aksè. Entèdi diskriminasyon ki baze sou andikap, elimine baryè pou patisipe nan inivèsite |
| **Ki moun ki kouvri** | Nenpòt moun ki gen yon andikap, ki gen 3-21 an* (oswa jiskaske yo fini lekòl segondè) | Nenpòt moun ki kalifye pou ale nan yon inivèsite epi ki gen yon andikap ki afekte patisipasyon yo nan inivèsite sa a |
| **Idantifye yon andikap epi bay yon evalyasyon** | Lekòl yo ak distri yo oblije idantifye yon elèv ki ka gen yon andikap epi bay yon evalyasyon pou detèmine si elèv la gen yon andikap kalifye anba IDEA. | Inivèsite yo pa gen okenn obligasyon pou idantifye oswa evalye elèv yo. Elèv yo dwe di yo menm yo gen yon andikap epi mande aranjman. |
| **Wòl fanmi/paran yo** | Paran yo konplètman entegre nan pwosesis IEP a. | Elèv inivèsite yo konsidere kòm granmoun endepandan; inivèsite a pa al pale ak paran yo ni yo pa ba yo enfòmasyon (sof si elèv la bay konsantman ekri). |
| **Pwosesis desizyon konsènan sèvis ak aranjman** | Yon ekip IEP reyini omwen yon fwa pa ane pou revize pwogrè, bezwen, objektif ak sèvis yo; ekip IEP a gen ladan pwofesyonèl lekòl yo ansanm ak paran yo ak elèv la. | Elèv inivèsite yo dwe mande aranjman; inivèsite la pa oblije dakò ak aranjman ki pa konsidere kòm "rezonab"; elèv la, anplwaye yo ak fakilte a travay ansanm pou kreye yon plan. |

| DWA OU GENYEN YO: DIFERANS ENPÒTAN ANT LEKÒL SEGONDÈ AK INIVÈSITE | | |
|---|---|---|
| **Kategori yo** | **IDEA (PreK–12)** | **ADA (Inivèsite)** |
| **Bay sèvis ak aparèy** | Lekòl yo dwe bay sa yo jije nesesè epi ki ekri nan IEP a. | Inivèsite yo pa oblije bay sèvis (tankou terapi, leson, moun pou ankadre) ni aparèy (tankou chèz woulant, aparèy pou konvèti tèks an pawòl, ak lektè elektwonik).<br><br>*REMAK: Ou ka jwenn lajan pou aparèy sa yo nan men asirans sante ak sistèm sèvis pou andikap tankou ACCES-VR.* |

* Nan vil Nouyòk, yon elèv ki gen andikap ki poko jwenn yon diplòm Eta Nouyòk rekonèt ka kontinye enskri nan New York City Public Schools epi resevwa sèvis edikasyon espesyal jiska fen ane akademik la (30 jen) lè yo gen 22 an.

# 2 Preparasyon pou Inivèsite Pandan Ou nan Lekòl Segondè

## IDE ENPÒTAN NAN CHAPIT SA A

- Planifikasyon pou tranzisyon
- Desizyon pèsonèl
- Defann tèt ou
- Eksplorasyon karyè
- Konpetans pou lavi

Gen etap enpòtan pou w franchi nan lekòl segondè pou prepare w pou inivèsite ak pou laj majè. Yon objektif enpòtan nan edikasyon se pou ede w nan pran desizyon poukont ou. Sa vle di se ou menm ki fikse objektif ou nan lavi a epi ki pran desizyon yo. Kapasite pou pran desizyon pèsonèl vle di diferan bagay pou diferan moun, men ide prensipal la se pou w kapab fè chwa poukont ou.

Pwosesis pou devlope objektif ak kreye etap pou lavi apre lekòl segondè a rele planifikasyon tranzisyon. **Tout moun bezwen èd ak planifikasyon tranzisyon an—li fè pati pwosesis la pou travay avèk fanmi w, pwofesè w, konseye w ak kanmarad ou yo pou devlope plan w lan.** Planifikasyon tranzisyon an enplike evalyasyon anyèl sou fòs ou, bezwen w, konpetans ou ak enterè w nan travay alavni, edikasyon w ak lavi endepandan. Reyinyon IEP anyèl yo se yon opòtinite enpòtan pou revize enfòmasyon sa yo ak kijan ekip IEP w la ap ede sipòte w kounye a pou lavni. Plan sa a ka ede w fikse etap ou yo.



| AKSYON KLE POU PREPARE POU INIVÈSITE | | KALANDRIYE |
|---|---|---|
| **Suiv pwogrè w pou w satisfè kondisyon gradyasyon yo** | ■ Revize etap pou w jwenn diplòm ou grasa Fich Travay sou Kondisyon pou Diplòm.<br>■ Aprann konsènan lòt opsyon pou elèv ki gen andikap.<br>■ Pale ak konseye oryantasyon w lan sou kondisyon egzamen yo ak lòt kesyon ou ka genyen.<br>■ Pale sou diplòm ak pwogrè gradyasyon nan reyinyon anyèl IEP yo. | **9yèm ane pou rive 12yèm ane** |
| **Dekouvri Enterè Karyè Pwofesyonèl ou** | ■ Sèvi ak zouti eksplorasyon karyè, tankou evalyasyon planifikasyon tranzisyon, pou aprann ki kalite karyè ki aliyen ak enterè ak fòs ou yo.<br>■ Sèvi ak reyinyon IEP ou a pou pale sou objektif ou yo, rèv ou yo, ak kesyon ou yo sou opsyon karyè w yo.<br>■ Aplike pou staj ak travay ete pou aprann plis bagay sou espas travay yo.<br>■ Fè rechèch sou fason inivèsite gen rapò ak enterè karyè w yo. | **9yèm ane pou rive 12yèm ane** |

| AKSYON KLE POU PREPARE POU INIVÈSITE | | KALANDRIYE |
|---|---|---|
| **Aplike nan ACCES-VR ak lòt ajans sèvis yo** | ■ Aprann plis sou sèvis ACCES-VR ofri pou sipòte devlopman karyè ou ak travay alavni.<br>■ Aplike nan ACCES-VR, si sa apwopriye (de preferans 11yèm ane)<br>■ Aprann plis bagay sou Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopman (OPWDD), aplike pou sèvis yo, si sa apwopriye, pi bonè posib.<br>■ Aprann plis bagay sou Sant pou Lavi Endepandan (ILC), kontakte ILC lokal ou a pou sipò si sa apwopriye.<br>■ Aprann plis bagay sou lòt ajans tankou Komisyon Eta Nouyòk pou Avèg yo, si sa enpòtan pou bezwen w yo. | **9yèm ane pou rive 12yèm ane** |
| **Fè rechèch sou inivèsite.** | ■ Aprann plis sou kalite fakilte ak inivèsite yo ansanm ak pwogram yo ofri.<br>■ Sèvi ak zouti rechèch fakilte pou jwenn fakilte ki ta ka bon pou ou. Verifye avèk konseye lekòl ou a konsènan resous (tankou pwogram eksperyans fakilte ki pa gen diplòm pou elèv ki andikape).<br>■ Chèche konnen plis sou tès admisyon yo, tankou SAT la, ou ka bezwen fè. Mande aranjman (pa egzanp: tan siplemantè) si sa nesesè.<br>■ Rive nan 11yèm ane, kòmanse kreye yon lis lekòl ki enterese w.<br>■ Pale ak fanmi w sou enterè w, bezwen w ak plan w yo.<br>■ Kreye plan aplikasyon w pou inivèsite a ak tout etap nesesè yo pou w ka respekte dat limit yo. | **9yèm rive 12yèm ane, espesyalman 11yèm ane** |

| AKSYON KLE POU PREPARE POU INIVÈSITE | | KALANDRIYE |
|---|---|---|
| **Asire w ou gen yon evalyasyon ajou** | ■ Asire w dènye reevalyasyon obligatwa twa zan ou an fèt (de preferans nan dènye ane lekòl segondè a) paske yon evalyasyon ajou ap nesesè lè w ap mande aranjman nan inivèsite. | **Klas 11yèm ak 12yèm ane** |
| **Patisipe nan ranpli Rezime Sòti w la** | ■ Travay avèk ekip IEP w la pou konplete rezime sòti w la. Sèvi ak eksperyans lan pou reflechi sou defi ak siksè w yo, epi planifye pwochen etap yo. | **12yèm ane** |
| **Rasanble dokiman w ap bezwen pou aranjman yo** | ■ W ap bezwen yon kopi dènye evalyasyon w yo, IEP w la, ak Rezime Sòti w la (oswa lòt dokiman ki gen rapò) pou mande aranjman yo. Kreye yon dosye ak materyèl sa yo pou w ka pare pou voye yo nan biwo aksè nan inivèsite w la.<br>■ Verifye avèk lekòl ou a sou pataj elektwonik dokiman sa yo ak inivèsite ou chwazi a. Pale sou opsyon sa a nan reyinyon IEP w la. | **12yèm ane** |
| **Rasanble dokiman swen sante yo** | ■ Inivèsite yo ka mande dosye vaksinasyon w yo, kidonk fè aranjman ak doktè ou pou voye yo nan moman ki apwopriye a.<br>■ Pale sou nesesite pou yon otorizasyon medikal oswa yon manda sante ak fanmi w. Dokiman sa yo pèmèt yon moun ou fè konfyans pale ak pwofesyonèl medikal yo pou ou si ou gen yon ijans oswa ou bezwen sipò ak swen sante w. | **12yèm ane** |

## Devlope Konpetans Ou

Yon pati nan planifikasyon pou lavi apre lekòl segondè se devlope **konpetans** ou pral bezwen pou navige sou wout la. Ou t ap devlope yo pandan tout lavi w, epi lekòl segondè se yon moman pou gwo devlopman.

| KONPETANS ENPÒTAN POU DEVLOPE NAN LEKÒL SEGONDÈ | |
|---|---|
| **Konpetans pou defann tèt ou** | Pèsonn pa konnen w menm jan w konnen tèt ou. Nan inivèsite, ou pral bezwen di sa w bezwen. Ou dwe mande aranjman epi pale sou plan aranjman w ak pwofesè ak anplwaye inivèsite la. Si w gen pwoblèm ak plan aranjman w lan, ou pral bezwen kominike avèk enstriktè w yo ak anplwaye inivèsite la. Devlope konpetans ou ak konfyans pou w defann tèt ou enpòtan pou siksè w nan inivèsite ak apre. |
| **Konesans sou tèt ou** | Aprann sou tèt ou, sa w renmen, sa w pa renmen. Fè atansyon ak sa ou fè byen, ak nan ki sitiyasyon ou gen plis siksè. Remake ki sipò ki itil pou ou nan sitiyasyon aprantisaj. Nan inivèsite, konesans ou genyen sou tèt ou ap ede w konnen ki aranjman pou mande, epi ede ou rezoud pwoblèm. |
| **Konpetans lavi endepandan** | Devlope konpetans lavi tankou vwayaje poukont ou, jere lajan, pran desizyon finansye, jere medikaman ou yo, lave rad ou, epi planifye repa w yo. Nan inivèsite, ou gen anpil endepandans, epi ou pral itilize konpetans sa yo pou sipòte siksè w nan etid ou yo, karyè w, ak apre. |
| **Konpetans òganizasyon** | Ranfòse konpetans ou nan jesyon tan, planifikasyon, ak pran desizyon pou ede w jere kou inivèsite ak lòt aktivite nan inivèsite a. |



## Èd ak planifikasyon tranzisyon, preparasyon pou inivèsite, ak aplikasyon pou inivèsite

Gen anpil moun ak pwogram nan New York City Public Schools—ak lòt kote ankò—pou ede w jere etap sa yo, epi planifye tranzisyon w soti nan lekòl segondè pou rive nan lavi apre lekòl segondè. Sipò w yo gen ladan yo:

- Konseye pedagojik
- Konseye Fakilte ak Karyè
- Asistan sosyal
- Responsab Dosye
- Kowòdonatè Tranzisyon ak Lidè Ekip Tranzisyon yo
- Ekip IEP yo
- Pwofesè ak Direktè Lekòl yo
- Manadjè Angajman Apre segondè ak lòt anplwaye nan **Sant Tranzisyon ak Aksè nan inivèsite (TCAC)**

**Ki kote ou ka jwenn plis enfòmasyon ak sipò?**

Gen anpil zouti ak materyèl pou ede w nan planifikasyon w pou pwochen etap apre lekòl segondè. Pi ba a, gen kèk resous planifikasyon enpòtan pou NYCPS.

- Apre lekòl segondè
- Gid Pou Fanmi sou Planifikasyon pou Tranzisyon
- Gid pou Planifikasyon Tranzisyon pou Elèv ki Andikape
- Planifikasyon pou inivèsite ak karyè

# 3 Aplike pou Inivèsite

## IDE ENPÒTAN NAN CHAPIT SA A

- Kalite opsyon inivèsite
- Evalye sa w vle ak sa w bezwen pou inivèsite
- Jwenn inivèsite ki koresponn ak sa w vle ak sa w bezwen: kreye lis ou
- Pwogram espesyal
- Aplikasyon pou inivèsite
- Konsiderasyon ki gen rapò ak andikap ou a

Gen plizyè kalite opsyon edikasyon ak fòmasyon ki nan inivèsite apre lekòl segondè.

| Kategori Pwogram Akademik | Konbyen Ou Resevwa Apre Ou Fini Pwogram nan | Egzanp |
|---|---|---|
| **Sètifika Edikasyon** | ■ Yon kalifikasyon pou konplete kèk kou jan inivèsite a dekri.<br>■ Ki fèt pou kalifye elèv yo pou travay presi.<br>■ Dire tan an varye, anjeneral pi kout pase pwogram ki bay diplòm yo. | Teknoloji otomobil, Pwogramasyon òdinatè, Asistan Timoun piti, Kodaj medikal, Teknisyen famasi, Asistan medikal, Devlopè entènèt |

| Kategori Pwogram Akademik | Konbyen Ou Resevwa Apre Ou Fini Pwogram nan | Egzanp |
|---|---|---|
| **Diplòm asosye (Associate degree)** | ■ Yon diplòm yo akòde pou reyisit yon pwogram etid presi.<br>■ An jeneral li fini nan dezan.<br>■ Asosye nan Atizay Aplike (AAA) oswa Syans Aplike (AAS) yo jeneralman fèt pou sipòte antre dirèk sou mache travay la, epi yo pa itilize pou transfere nan yon pwogram lisans.<br>■ Diplòm Asosye nan Atizay oswa Asosye nan Syans kapab yon chemen pou jwenn yon diplòm lisans. | Asosye nan Atizay oswa Syans nan Kontablite, Edikasyon Timoun, Teknoloji Enfòmatik, Jistis Kriminèl, Syans Liberal, Enfimyè, Sikoloji<br><br>Diplòm Asosye nan Atizay Aplike nan Syans nan Ijyèn Dantè, Teknoloji Dosye Medikal, Terapi Respiratwa |
| **Diplòm lisans** | ■ Yon diplòm yo bay pou reyisit yon pwogram etid presi.<br>■ An jeneral li nan katran. | Lisans nan Antwopoloji, Edikasyon, Bel Atizay, Anglè, Istwa, Jounalis<br><br>Lisans nan Syans nan Kontablite, Biyoloji, Jeni byomedikal, Biznis, Matematik, Maketing, Fizik |
| **Kalifikasyon san kredi** | ■ Yon kalifikasyon ki konsantre sou devlopman karyè epi ki bay fondasyon akademik ki nesesè pou yon tranzisyon siksè nan travay.<br>■ Elaji aksè a eksperyans inivèsite la pou elèv ki gen andikap entelektyèl. | Kalifikasyon CUNY san limit nan Etid akademik ak karyè |

## Kreye Lis Inivèsite w

Ou bezwen konsidere enterè w, sa w vle, ak bezwen w yo pou devlopman akademik ak pwofesyonèl. Apre sa, ou pral kapab fè rechèch pou jwenn inivèsite ki satisfè enterè ak bezwen w yo.

Apre rechèch ou a, kreye yon lis inivèsite ou pral aplike pou yo. Sonje lis la ta dwe gen ladan lekòl ki ka pi difisil pou antre (dapre pwofil ou ak kritè admisyon yo) ak kèk ki mwens difisil. Asire w ou gen yon seri bon opsyon.

## Ranpli Aplikasyon Inivèsite yo.

Revize enstriksyon aplikasyon chak inivèsite pou idantifye etap nesesè yo, ki ka gen ladan yo pase egzamen admisyon tankou SAT la, mande lèt rekòmandasyon nan men pwofesè yo, epi ekri yon deklarasyon pèsonèl oswa yon redaksyon.

Verifye avèk konseye inivèsite ou a oswa konseye oryantasyon ou pou wè si ou kalifye **pou egzansyon** frè pou aplikasyon inivèsite yo.


### Pwogram espesyal

Nan yon inivèsite, souvan gen pwogram espesyal pou sipòte siksè elèv yo. Aprann si gen pwogram ki ta ka bon pou ou epi kijan pou aplike. Pou anpil moun, ou bezwen ranpli yon seksyon espesyal sou aplikasyon inivèsite a. Men kèk egzanp:

- Pwogram Opòtinite Edikasyon Siperyè
- Pwogram Opòtinite Edikasyon
- CUNY SEEK & CUNY College Discovery
- CUNY ASAP
- CUNY LEADS

### Sonje Bezwen W ki Gen Rapò ak Andikap Ou a

Idantifye bezwen endividyèl ou yo ki gen rapò ak andikap ou a pandan w ap planifye pou inivèsite. Pou konprann ki inivèsite ki ta ka pi byen satisfè bezwen w yo, men kèk etap pou w franchi ak kesyon pou w poze.



## RECHÈCH

- Chèche non biwo ki sipòte elèv ki andikape nan chak inivèsite w ap konsidere a. Ou ka fè rechèch sou entènèt pou idantifye l. Gen kèk inivèsite ki pral itilize yon non tankou Biwo Sèvis pou Andikape, gen lòt ki ka rele l Sant pou Aksè oswa yon bagay ki sanble.
- Gade kijan yon inivèsite aksesib pou bezwen patikilye w yo. Rele biwo sèvis aksè a pou w poze kesyon.
- Gade sit entènèt inivèsite yo. Aprann sou règleman ak pwosedi sou fason elèv yo mande aranjman.
- Vizite inivèsite yo, epi planifye davans pou rankontre ak yon moun nan biwo sèvis aksè yo. Mande kijan elèv yo mande aranjman, epi ki kalite aranjman ak sèvis sipò ki disponib.

## KESYON POU POZE BIWO SÈVIS AKSÈ

- [ ] Ki pwosesis pou mande yon aranjman nan inivèsite sa a?
- [ ] Èske gen lòt sèvis sipò (tankou leson) pou tout elèv?
- [ ] Èske gen yon frè pou lòt sèvis sipò (ki pa anba ADA)? Si se sa, konbyen l koute?
- [ ] Di yo ki kalite aranjman ou panse ou pral bezwen. Èske lekòl la ap bay aranjman sa yo?
- [ ] Ki dokiman mwen bezwen pou montre prèv andikap mwen an, e ki lè li dwe date?

Sonje : Lojman anba ADA yo dwe gratis. Men, ka gen lòt sèvis nan inivèsite a ki ka mande pou w peye.

**Konvèsasyon avèk fanmi w, konseye lekòl yo, ak lòt moun k ap sipòte w**

Sa mande travay ann ekip pou aplike nan inivèsite! Ou gen chwa pou w fè epi ou gen responsablite pou w konplete tout etap yo. Men, ou gen moun k ap ede w tou. Sèvi ak sipò ki disponib yo se yon bon fason pou w rive kote w vle ale a. Gen kèk etap fanmi w ak konseye lekòl yo dwe franchi. Li enpòtan pou w gen konvèsasyon ak fanmi w pou w dakò sou yon plan, pou yo ka konnen ki etap ki nesesè pou sipòte w.

**Gade konsèy sa yo pou Aplike nan inivèsite,**
**pou ede w ak rechèch ak aplikasyon pou inivèsite.**

# 4 Fason pou peye pou Inivèsite

## IDE ENPÒTAN NAN CHAPIT SA A

- Depans inivèsite
- Kalite èd finansye
- Aplike pou èd finansyè, tankou bous detid
- Faktè andikap ak èd finansyè
- Pran desizyon finansye sou ki inivèsite ou prale

### Depans Inivèsite

Pri inivèsite a gen ladan l lajan pou peye lekòl, frè lekòl, liv ak founiti, ansanm ak lojman, manje, ak depans vwayaj ki fè pati **Pri Total Prezans lan (COA)**. Gen kèk nan depans yo ki peye dirèkteman nan inivèsite a. Gen kèk yo konsidere kòm depans "endirèk" ou bezwen planifye, tankou founiti ak vwayaj pou ale nan kanpis la. Depans endirèk yo kapab tou bezwen ki gen rapò ak andikap.

### Èd Finansye pou Inivèsite

Ou ka resevwa èd finansyè pou kouvri tout, pifò, oswa yon pati nan COA a. Pifò èd finansyè soti nan gouvènman federal la, gouvènman eta a, ak inivèsite yo. Èd finansyè ka gen ladan:

- **Sibvansyon ak bous etid**, yo pafwa rele "lajan gratis" paske ou pa oblije remèt yo.
- **Prè**, ou oblije remèt kit ou fini pwogram inivèsite a kit ou pa fini.
- **Travay etid**, yon lòt fòm èd finansye ki bay elèv yo aksè a travay a tan pasyèl sou kanpis la.

### Kalifikasyon pou Èd finansye

Kalifikasyon pou pifò èd finansye baze sou bezwen finansye. Yo detèmine bezwen finansye ak revni fanmi an ak lòt faktè. **Pou pifò èd finansye, ou dwe yon sitwayen ameriken, yon rezidan pèmanan Ozetazini, oswa yon lòt moun ki pa sitwayen ameriken ki kalifye.**

- **Pou elèv ki pa gen papye**, ou ka kalifye pou èd finansye atravè Lwa DREAM pou moun ki pa sitwayen ameriken.
- **Pou elèv ki sitwayen ameriken oswa rezidan pèmanan ki gen paran san papye**, ou kalifye pou jwenn èd finansyè atravè FAFSA.

## Aplike pou Èd finansye

Pou resevwa nenpòt èd finansye, ou bezwen ranpli aplikasyon pou èd finansyè. Pale ak konseye inivèsite w la oswa konseye oryantasyon w lan pou w aprann plis bagay sou fòmilè sa yo ak pwosesis yo.

| APLIKASYON POU ÈD FINANSYE | | |
|---|---|---|
| **Ki jan l rele?** | **Pou kisa l la?** | **Èske mwen ta dwe ranpli l?** |
| **FAFSA** | FAFSA a se yon aplikasyon pou yo konsidere pou èd finansye nan men gouvènman federal la. Lòt founisè èd finansye, tankou gouvènman eta yo, itilize FAFSA a tou nan kad pwosesis aplikasyon yo.<br><br>FAFSA a konsidere kòm fondasyon pwosesis èd finansye w la, ak lòt fòmilè ki suiv FAFSA a. | **Wi**, si w se yon sitwayen, yon rezidan pèmanan, oswa yon moun ki pa sitwayen ki kalifye; pale avèk konseye lekòl ou a. |
| **TAP** | Pwogram Asistans pou Peye Lajan Lekòl (Tuition Assistance Program, TAP) se èd finansyè nan Eta Nouyòk pou rezidan NYS ki kalifye yo. | **Wi**, si w se yon rezidan NYS k ap aplike nan nenpòt inivèsite nan NYS. |
| **PWOFIL CSS** | Gen kèk inivèsite prive ki mande pou kandida yo voye PWOFIL CSS la, anplis FAFSA ak TAP la. Inivèsite sa yo itilize PWOFIL CSS la pou gade si elèv yo kalifye pou bous etid oswa lòt èd nan resous inivèsite a. | Sèlman si w ap aplike nan inivèsite ki mande fòmilè sa a anplis FAFSA a. |

## Bousdetid

Ou kapab aplike tou pou bous etid espesyal. Gen anpil bous detid, epi yo tout gen diferan kritè kalifikasyon. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou bous detid yo la a:

- Èd Federal pou Elèv—Bous etid
- College Board's Big Future
- Career One-Stop Scholarship Search

**Gen kèk bous etid espesyalman pou elèv ki gen andikap.** Biwo Majistra Vil Nouyòk la pou Moun ki Andikape (MOPD) bay enfòmasyon sou bous etid pou moun ki gen andikap.

## Konbyen Èd W Ap Resevwa?

Nan chak inivèsite ki ofri w admisyon, ou ap resevwa yon **lèt ki di w ap resevwa èd finansye**. Lèt sa a:

- Rezime dosye èd finansye w la
- Dekri pri total prezans lan (COA)
- Bay tout èd finansye ou te resevwa pou ede kouvri depans yo
- Li ka yon rezime nan kont aplikasyon w lan sou pòtay inivèsite a
- Li ka gen ladan plis pase yon kalite èd finansye

## Pran Desizyon Finansye Konsènan inivèsite

Anpil faktè jwe yon wòl nan chwa yon inivèsite. Youn nan faktè prensipal yo se pri a—chwazi yon inivèsite se yon desizyon finansye. Avèk fanmi w, konseye inivèsite w, ak lòt moun ou fè konfyans, pale sou enpak dosye èd finansye diferan inivèsite yo ofri w yo. Gen kèk inivèsite ki ka ofri w anpil èd finansye epi ki gen mwens depans, kidonk ou pa bezwen prete lajan. Gen lòt inivèsite ki ka sèlman ofri w gwo prè, epi yon ti èd finansye.

Gen zouti sou entènèt pou ede w evalye òf èd finansye ki soti nan inivèsite. Tout zouti sa yo, tankou zouti pou kalkile pri inivèsite, ede ou menm ak fanmi w konprann si chak inivèsite abòdab epi detay sou pèman pou nenpòt prè. Konseye oryantasyon w oswa konseye inivèsite w la ka ede w jwenn repons kesyon sa yo. Ou kapab kontakte biwo èd finansye inivèsite yo tou pou mande enfòmasyon.

### RESOUS POU EDE KONPRANN PRI INIVÈSITE YO

**https://studentaid.gov/**


Sa a se sit entènèt Depatman Edikasyon Etazini an ki gen enfòmasyon sou pri inivèsite ak fason pou aplike pou èd finansye. Zouti pou bay estimasyon Èd Federal pou Elèv yo ede elèv yo predi si yo kalifye pou èd finansye federal.

**https://www.hesc.ny.gov/home/**

Sit entènèt sa a pou Higher Education Services Corporation of NYS bay enfòmasyon sou èd finansyè NYS, ansanm ak èd finansye an jeneral.

**https://finaid.org/**

Sit entènèt sa a se yon òganizasyon sèvis piblik ki pa fè pwofi ki dirije l e ki bay etidyan inivèsite enfòmasyon sou èd finansye ak konsèy sou fason pou jere depans inivèsite. Finaid.org ofri yon kantite zouti pou kalkile pou ede w pran desizyon finansye konsènan inivèsite.



## Aksepte yon Òf Èd Finansye

Kou w fin revize lèt èd finansye yo avèk fanmi w ak konseye w la, w ap bezwen franchi kèk etap pou w aksepte ofisyèlman òf yon lekòl pou admisyon ak èd finansye:

- Deside ki inivèsite w prale,
- Konekte sou kont ou sou pòtay inivèsite a
- Klike sou diferan èd finansye w ap aksepte yo.
- Kontakte biwo èd finansye inivèsite a si w pa sèten fason pou w aksepte pake èd finansye yo ofri w la.

## Eksepsyon Èd Finansye pou Elèv ki Andikape

Pifò èd finansye egzije pou w ale a plen tan, epi li kouvri yon kantite peryòd limite. Sepandan, si w se yon elèv ki andikape, ka gen kèk eksepsyon pou egzijans sa yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou entènèt la a.

**Sonje byen, ou dwe aplike pou èd finansye chak ane ou ale nan inivèsite.** Yo fè lòt evalyasyon kalifikasyon w pou èd finansye chak ane, dapre revni paran w ak revni w ansanm ak lòt faktè. Pwosesis sa a fèt atravè FAFSA w ak nenpòt lòt fòmilè èd finansye, tankou aplikasyon TAP la, ou oblije voye ale.

**Pou plis enfòmasyon ak konsèy sou aplikasyon pou èd finansye, gade Peye pou Inivèsite.**

# 5 Aranjman ki fèt nan Inivèsite

## IDE ENPÒTAN NAN CHAPIT SA A

- IEP w la pa aplike nan inivèsite
- Aranjman inivèsite
- Konprann ki aranjman ou bezwen
- Mande aranjman
- Lwa sou dwa nan edikasyon ak vi prive fanmi (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA)
- Liberasyon Medikal ak Manda Sante

Lè w ale nan inivèsite, IEP w la pa aplike ankò. Nenpòt sèvis oswa aranjman ki fèt nan lekòl ou resevwa nan lekòl segondè p ap kontinye nan inivèsite. Ou bezwen retounen nenpòt aparèy lekòl ou a te ba ou nan kad IEP w la.



**Sepandan, antanke yon elèv inivèsite ki gen yon andikap, ou ka kalifye pou aranjman.**

Inivèsite yo gen yon varyete sipò ak sèvis tou pou ede tout elèv reyisi, tankou leson, konsèy akademik, lè biwo pwofesè, ankadreman, konsèy karyè, ak sèvis sante.

## Aranjman ak Fason Ou Jwenn Yo

Aranjman yo se aranjman ki fèt pou asire elèv ki andikape yo gen menm aksè a opòtinite ak tout lòt elèv nan yon inivèsite. Pafwa inivèsite yo itilize tèm "aranjman akademik" pou vle di menm bagay ak aranjman yo bay pou kou inivèsite yo.

Kontrèman ak lekòl segondè oswa distri lekòl yo, inivèsite yo pa gen yon obligasyon legal pou idantifye elèv ki gen andikap yo. Ou pa oblije pataje ou gen yon andikap lè w ap aplike nan yon inivèsite, ni lè w ale la. Sepandan, si w bezwen yon aranjman akademik oswa nenpòt kalite aranjman rezonab, **se ou menm ki pou kòmanse pwosesis la**.

Antanke etidyan nan vil Nouyòk, ou gen opòtinite tou pou pataje dokiman w ki gen rapò ak andikap ou yo elektwonikman ak yon enstitisyon edikasyon siperyè ou chwazi lè ou fin gradye nan lekòl segondè. Sa ka ede sipòte pwosesis kalifikasyon pou aranjman an lè yo asire yo tout dènye dokiman yo, tankou IEP w ak rezilta evalyasyon ki pi resan yo, yo pataje pou ou nan yon tan rezonab. Pale ak ekip IEP w la pou w aprann plis sou pwosesis sa a.



**Se ou menm ki pou kòmanse pwosesis la.**

Apre w fin mande aranjman yo, epi yo fin apwouve w, ou resevwa yon plan aranjman. Plan sa a dekri aranjman presi ou pral resevwa nan kou w yo oswa lòt aktivite inivèsite yo.

Pafwa yo rele sa yon "lèt aranjman". Ou dwe mande aranjman chak semès (oswa chak trimès) pou w ka resevwa yon nouvo plan aranjman.

| TOUT BAGAY SOU ARANJMAN: KÈK TÈM KLE | |
|---|---|
| **Sèvis Aksè** | Sèvis Aksè se yon depatman fakilte oswa inivèsite ki kowòdone aranjman ak sèvis pou elèv ki gen andikap yo. Inivèsite yo ka itilize lòt non menm jan tankou Sèvis pou Andikap, Sant Resous Aksè, oswa Biwo Aksè. |
| **Lòt Opsyon Fòma** | Lòt Opsyon Fòma yo se diferan fason materyèl aprantisaj yo disponib, apa de enpresyon regilye. Lòt opsyon fòma lekti yo ka gen ladan tèks elektwonik, Bray, oswa anrejistreman odyo. |
| **Teknoloji Sipò (AT):** | Teknoloji Asistans (AT) se nenpòt atik, lojisyèl, zouti, oswa pwogram ki ede w ak fonksyon tankou lekti, ekriti, oswa mouvman. AT ka gen ladan aparèy elektwonik ansanm ak aplikasyon sou telefòn ou. Gen lòt tèm ki sanble tankou teknoloji adaptasyon ak ekipman adaptasyon. Ou ka jwenn plis enfòmasyon la a. Kòm yon rapèl, ou dwe retounen tout aparèy lekòl segondè w oswa inivèsite w la te ba ou. |
| **Dokiman** | Dokimantasyon se lè ou bay prèv ekri sou andikap ou a. Sa ka gen ladan rapò medikal, dènye IEP w la ak evalyasyon. Asire w ou verifye ki dokiman yon inivèsite egzije, si genyen, anvan w mande aranjman. |
| **Pataj Pèsonèl** | Pataj pèsonèl se lè ou bay enfòmasyon pèsonèl sou andikap ou a pou ou ka resevwa aranjman ADA nan inivèsite oswa nan yon espas travay. Pataje andikap ou a se chwa pa w. Inivèsite yo dwe kenbe konfidansyalite w pi lwen pase objektif pou bay aranjman. |
| **Konsepsyon Inivèsèl** | Konsepsyon Inivèsèl se yon apwòch pou kreye bilding, pwodui, eksperyans aprantisaj, oswa sèvis pou yo aksesib pou tout moun, ki gen ladan moun ki andikape. |

**Aranjman ka vle di anpil bagay diferan, selon bezwen w yo.**

## EGZANP ARANJMAN AKADEMIK

- Plis tan pou egzamen
- Plas priyorite nan yon klas
- Espas espesyal ki deziyen pou egzamen
- Entèprèt Lang Siy Ameriken nan yon klas
- Itilizasyon teknoloji asistans pou li oswa tape
- Anrejistreman vwa rankont yo
- Nòt konferans yo
- Èd pou pran nòt
- Kòmantè souvan sou pèfòmans akademik
- Pòz nan lè kou
- Avi davans pou devwa ak egzamen
- Aksè ak liv odyo
- Itilizasyon lojisyèl pou konvèti tèks an vwa
- Bèt pou bay sèvis
- Chaj kou ki pi ba (pandan w ap kenbe estati aplentan pou èd finansye)

## EGZANP ARANJMAN KI PA AKADEMIK

- Aranjman ki gen rapò ak lojman, tankou gen yon chanm nan yon bilding ki gen asansè oswa gen yon chanm endividyèl
- Bèt pou bay sipò sou lokal la
- Aranjman ki gen rapò ak manje, tankou manje patikilye ki disponib

### Aprann sou Pwosesis Aranjman an

Pandan w ap fè rechèch enfòmasyon sou inivèsite yo, aprann sou pwosesis pou resevwa aranjman, sitou pou inivèsite ou gen yon gwo enterè pou ale yo. Ou ka jwenn enfòmasyon sa a sou sit entènèt yon inivèsite.



## Mande Aranjman

Kou w fin chwazi yon inivèsite, **kontakte biwo aksè a pou aprann sou pwosesis pou mande aranjman an epi kòmanse li**. Ou ka mande yon aranjman nenpòt lè, men si w konekte bonè, sa ap ede asire inivèsite a gen ase tan pou egzamine demann ou an epi bay aranjman ki apwopriye yo.

Mande aranjman se yon pwosesis ki baze sou patisipasyon ant ou menm ak biwo andikap la. Pa gen yon seri aranjman ki detèmine alavans pou yon andikap presi. Tout aranjman yo depann de kou inivèsite w yo, sitiyasyon lojman ak swen sante w, ak bezwen w yo.



**Kontakte biwo aksè a pou w ka aprann plis sou pwosesis pou mande aranjman yo epi pou w kòmanse l.**

Ou kapab mande biwo aksè a tou sou lòt resous ak sèvis nan etablisman an ki ta ka enterese w. Ou ka jwenn enfòmasyon sou:

- Atelye endividyèl oswa an gwoup ki baze sou konpetans (pa egzanp, jesyon tan)
- Sèvis Konsèy
- Sèvis sante
- Pwogram ankadreman
- Òganizasyon etidyan dirije pou moun ki andikape ki nan etablisman an

Kou yo apwouve aranjman ou yo, biwo aksè a ap rezime yo nan yon lèt. An jeneral yo voye lèt sa a bay pwofesè ki konsène yo. Nan kèk ka, y ap mande w pou w voye lèt la bay pwofesè w yo pou w endike w ap itilize aranjman ki mansyone yo. Lèt la pa pataje andikap ou oswa dyagnostik ou. Li endike ke yo te apwouve w pou aranjman presi.

Rete an kontak ak biwo aksè a. Si w rankontre nenpòt difikilte, fè yo konnen pi vit posib pou nou ka chèche solisyon.



## LIS VERIFIKASYON POU DEMANN ARANJMAN

- [ ] Revize kou w yo: Idantifye baryè ki pral mande yon plan aranjman (lèt).
- [ ] Prepare yon lis aranjman ki pral adrese baryè yo.
- [ ] Revize bezwen lojman ak manje w yo (si w pral viv nan etablisman an) pou idantifye nenpòt baryè ki bezwen yon plan aranjman.
- [ ] Li manyèl ki sou sit entènèt inivèsite w la pou konprann etap pou mande aranjman.
- [ ] Chèche fòmilè oswa modèl lèt pou mande aranjman sou sit entènèt inivèsite w la pou ede w ekri demann ou an.
- [ ] Pran yon randevou ak biwo aksè a pou pale sou demann ou an.
- [ ] Voye demann ou an pou aranjman.
- [ ] Mande anplwaye nan biwo aksè a sou lòt aktivite oswa sipò ki ta ka itil ou.
- [ ] Fè suivi sou demann ou an si w pa jwenn repons nan delè yo te ba ou a.
- [ ] Revize plan aranjman an pou asire w ou konprann li, epi li gen ladan l sa w panse w bezwen. (Si non, ou ka pale ak biwo a pou pale sou chanjman posib yo.)
- [ ] Suiv etap yo pou enfòme enstriktè w yo sou plan aranjman w lan.



## Lwa sou Dwa nan Edikasyon ak Vi Prive Fanmi (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA)

Genyen yon lwa ki gen rapò tou ak aksè a dosye edikasyon w ak enfòmasyon pèsonèl ou. Lwa sou Dwa sou Konfidansyalite Edikasyonèl Fanmi an (Family Educational Right to Privacy Act, FERPA) se yon lwa federal ki di paran ak responsab legal yo gen dwa pou jwenn aksè a dosye edikasyon pitit yo, dwa pou mande pou korije dosye yo, epi dwa pou gen yon kèk kontwòl sou pataj enfòmasyon pèsonèl ki idantifye w nan dosye edikasyon yo.

Lè w gen 18 an, oswa lè w se yon etidyan nan inivèsite nenpòt laj, dwa ki anba FERPA yo transfere soti nan paran w pou vin jwenn ou. Sa vle di anplwaye inivèsite a ka sèlman pataje enfòmasyon avè w dirèkteman—pa avèk paran w, responsab legal ou, oswa nenpòt lòt moun. Sepandan, ka gen moman ou bezwen paran w oswa yon lòt moun nan lavi w pou kapab kominike avèk inivèsite a konsènan ou menm. Nan ka sa a, ou ta bezwen siyen yon fòmilè otorizasyon oswa yon egzansyon FERPA. (Gen lòt kalite egzansyon FERPA tou kote ou renonse dwa w pou wè dosye yo, tankou yon lèt rekòmandasyon yon pwofesè bay.)

Pandan w ap reflechi sou aranjman w pral bezwen nan inivèsite epi prepare pou mande yo, ou ta dwe reflechi tou si w vle oswa ou bezwen paran w oswa moun k ap pran swen w gen aksè a dosye akademik ou yo ak enfòmasyon pou pale nan non w.

## Liberasyon Medikal ak Manda Sante

Founisè swen sante yo pa ka bay pèsonn enfòmasyon medikal ou yo lè w se yon etidyan inivèsite. Sepandan, ka gen kèk ka kote ou vle oswa ou bezwen paran w, oswa yon lòt moun ou fè konfyans, gen aksè a enfòmasyon medikal ou yo, epi pou yo ka pale ak founisè swen sante w yo. Pou pèmèt sa, ou ka siyen yon otorizasyon medikal oswa yon manda sante. Pale ak fanmi w, epi aprann plis sou sa pi vit posib. Ou ta dwe ranpli fòmilè ki apwopriye yo anvan ou ale nan inivèsite. Sit entènèt inivèsite yo gen enfòmasyon sou fòmilè otorizasyon medikal. Pou plis enfòmasyon sou manda sante: https://www.health.ny.gov/publications/1430.pdf

Nan **chapit 6, Lòt Resous,** ou pral jwenn lyen ki mennen nan anyè tout biwo sèvis aksesib pou CUNY, SUNY. Ou ka fè rechèch sou entènèt pou sèvis aksè nan lòt inivèsite.

# 6 Lòt Resous

## IDE ENPÒTAN NAN CHAPIT SA A

- Anyè pou jwenn biwo sèvis aksè nan SUNY ak CUNY
- Enfòmasyon sou dwa ak sèvis pou moun andikape
- Sipò pou planifikasyon tranzisyon, admisyon nan inivèsite, ak èd finansye

### Sèvis Aksè nan Inivèsite ak Pwogram pou Moun Andikape yo

Jwenn enfòmasyon sou sèvis aksè ak pwogram pou andikap nan **City University of New York (CUNY)** ak **State University of New York (SUNY)**.

#### CUNY

CUNY gen inivèsite ak inivèsite atravè Vil la. Chak gen pwòp Biwo Sèvis pou Andikap oswa Aksè li ki responsab pou kowòdone aranjman akademik ak sipò pou elèv ki andikape yo.

**Sèvis pou Andikap ak Aksè CUNY:** jwenn enfòmasyon sou plizyè pwogram ak sèvis CUNY pou elèv ki andikape, epi jwenn enfòmasyon pou kontakte Biwo Sèvis pou Andikap ak Aksè nan chak inivèsite CUNY ki mansyone la a.

Pou kòmanse pwosesis la, tanpri ranpli Fòmilè Demann Aranjman Konfidansyèl la, kote ou ka telechaje dokiman medikal oswa dokiman ki gen rapò ak andikap pou yo ka egzamine yo yon fason ki an sekirite.

Pou aprann plis, ale sou Paj Lansman CUNY Accommodate la, ki gen ladan yon bibliyotèk resous itil k ap grandi. Si w prefere enstriksyon alekri, elèv yo ka telechaje Gid Itilizatè Elèv CUNY Accommodate la tou.

#### SUNY

SUNY gen fakilte ak inivèsite atravè Eta Nouyòk. Chak gen pwòp biwo li pou elèv ki andikape.

**Biwo Sèvis pou Andikape SUNY yo:** jwenn enfòmasyon sou pwogram ak sèvis SUNY yo pou elèv ki andikape yo la a, tankou enfòmasyon pou kontakte biwo sèvis aksè nan chak inivèsite SUNY yo isit la a.

## Enfòmasyon sou Andikap ak Dwa Legal

Jwenn enfòmasyon sou andikap, dwa sivil pou andikap, ak resous pou sipòte ou antanke etidyan nan inivèsite.

- **National Center for College Students with Disabilities (NCCSD):** NCCSD a se yon sant nasyonal gouvènman federal la finanse ki gen enfòmasyon ak resous pou etidyan inivèsite aktyèl ak alavni ki gen andikap, tankou moun ki nan pwogram a tan pasyèl ak etidyan ki gradye. Sit entènèt NCCSD a gen enfòmasyon sou yon pakèt sijè pou etidyan, fanmi, pwofesè, ak nenpòt moun ki gen kesyon sou andikap ak edikasyon siperyè.
- Depatman Edikasyon, Biwo pou Dwa Sivil yo
  - Elèv ki gen Andikap k ap Prepare pou Edikasyon Apre segondè: Konnen Dwa w ak Responsablite w
  - Èd ak Sèvis Oksilyè pou Elèv ki gen Andikap nan Etid Apre segondè
  - Tranzisyon Elèv ki Andikape nan Edikasyon Apre Segondè: Yon Gid pou Pwofesè Lekòl Segondè
- Pwogram Asistans Teknik pou Ameriken ki Andikape yo
- Depatman Jistis, ADA
- Biwo Majistra Vil Nouyòk pou Moun ki Andikape yo
- **Asosyasyon Amerik pou Difikilte Aprantisaj**
  - Resous pou Elèv yo

## Sistèm ak Founisè Sèvis pou Andikape yo

Jwenn enfòmasyon sou ajans Eta Nouyòk ki bay sèvis pou moun ki gen andikap yo.

- **ACCES-VR**: ACCES-VR se yon ajans Eta Nouyòk ki ede moun ki gen andikap jwenn epi kenbe yon travay epi pou sipòte lavi endepandan. Ou ka aplike nan ACCES-VR depi premye ane lekòl segondè w pou resevwa evalyasyon karyè ak vokasyon, ansanm ak fòmasyon ak konsèy sou karyè. Tou depan de objektif karyè yon elèv ak plan inivèsite w, ACCES-VR ka bay sipò pou elèv ki andikape yo. Pale sou opsyon si w kalifye pou ACCES-VR avèk konseye lekòl ou a, epi aprann plis sou sit entènèt ACCES-VR la ak enfòmasyon ki gen rapò ak inivèsite a isit la a.
- **Komisyon pou Avèg:** Misyon Komisyon Eta Nouyòk pou Avèg yo se amelyore anplwaabilite, maksimize endepandans epi ede nan devlopman kapasite ak fòs moun ki legalman avèg yo.
  - Pou plis enfòmasyon oswa pou jwenn yon Biwo Distri lokal, tanpri rele: **1-866-871-3000** oswa voye yon imel bay biwo distri ki pi pre w la.

- **Biwo pou Moun ki gen Andikap Devlopman (Office for People With Developmental Disabilities,OPWDD)**: Biwo Eta Nouyòk pou Moun ki gen Andikap Devlopman (OPWDD) responsab pou kowòdone sèvis pou moun Nouyòk ki gen andikap devlopman, tankou andikap entelektyèl, paralizi serebral, sendwòm Down, twoub kategori otis, sendwòm Prader-Willi ak lòt pwoblèm newolojik. OPWDD bay sèvis dirèkteman ak atravè yon rezo apeprè 450 ajans ki bay sèvis san pwofi.
- **Sant pou Lavi Endepandan**: Sant pou Lavi Endepandan (ILC) yo bay yon seri sèvis ki ede moun Nouyòk ki gen tout andikap yo viv yon lavi konplètman entegre ak otonòm. ILC yo ede ak tout aspè lavi, aprantisaj ak fè lajan. Yo idantifye epi fasilite retire baryè achitekti, kominikasyon ak atitid ki anpeche yon patisipasyon konplè nan kominote lokal yo ak plis pase sa.

## Pwogram Aksè nan Inivèsite ak Resous Planifikasyon Tranzisyon

Jwenn enfòmasyon ak pwogram ki bay konsèy sou inivèsite ak karyè.

- TCAC yo
- INCLUDEnyc
- Think College
- New York City Public Schools (NYCPS), **Gid Fanmi pou Planifikasyon Tranzisyon**
- Pwogram TRIO Federal yo
- Gear UP

## Èd finansye pou inivèsite

Chèche enfòmasyon sou fason pou jere depans inivèsite epi aplike pou èd finansye.

- Federal Student Aid
- HESC
- UAspire
- Konprann FAFSA
- Finaid
- Pwojè Reyisit nan Fakilte pou Jèn yo Adopte


6
Lòt resous
5
Aranjman ki fèt nan Inivèsite
4
Fason pou peye
pou Inivèsite
3
Aplike pou Inivèsite
2
Preparasyon pou Inivèsite
Pandan Ou nan Lekòl Segondè
1
Se Pou W Konnen Dwa W

NYC Public Schools

# Manyèl planifikasyon inivèsite

**pou Elèv ki gen Andikap, Elèv ki gen IEP ak Plan 504**

**Tanpri eskane gid la pou jwenn aksè a yon vèsyon nimerik.**